

# 14

avril

**Mèt li di li : Trè byen, sèvitè. Ou bon, epi, ou fidèl. Ou te fidèl nan ti bagay, m ap mete ou responsab gwo bagay. Vin rejwi ak mèt ou.** Matye 25. 21

**Si yon moun ap sèvi, fòk se tankou se ak fòs Bondye bay, l ap sèvi. Konsa nan tout bagay, Bondye ka jwenn glwa, grasa Jezi Kris.** 1 Pyè 4. 11

## **Mèt, sèvitè ak talan**

*Kèk parabòl; Matye 25. 14-30*

*Rezime :* Avan li te pati kite peyi li, yon nonm te rele twa sèvitè li yo epi li ba yo jere byen li yo dapre kapasite yo. Li bay premye a senk talan (yon gwo sòm lajan), li bay dezyèm nan de, e li bay twazyèm nan youn. De premye yo te ale pou envèsti lajan mèt yo a epi fè li double. Men twazyèm nan te fouye yon twou nan tè a epi antere lajan an. Lè mèt la vin tounen, de premye yo te resevwa menm rekonsan, men li te repwoche twazyèm nan malonètman, epi, revoke l.

*Siyifikasyon :* Nonm k ap kite peyi a, se Jezi Kris, ki koulye a nan syèl la. Li kite kèk don nan men lèzòm, kèk “talan” li bay chak moun dapre kapasite yo. Lè mèt la retounen se menmjan ak lè Jezi va retounen.

*Aplikasyon :* Kòman n ap sèvi Senyè a? Ta sanble genyen de fason sèlman : swa nou konnen Senyè a toutbon epi sèvi li ak zèl pandan n ap konte sou gras li pandan n ap menm riske. Oswa nou pa gen yon veritab relasyon nan lafwa ak li, nou pa konnen li epi nou pa sèvi li. Nan premye ka a, gen kèk rezilta ; nan dezyèm nan, se esterilite.

Se yon privilèj yon moun gen pou li travay pou Senyè a. Se yon favè pou nou sèvi li ak lasante, memwa, entelijans, lwazi, byen materyèl... Eske nou ta vle sanble ak domèstik mekan e parese a”, pandan nou neglije don mèt la? Kisa nou va gen pou nou ba li lè li va vini? Eske li va di nou : “Vin rejwi ak mèt nou” ?

# 14

avril

**Son maître lui dit : Bien, bon et fidèle esclave ; tu as été fidèle en ce qui est peu, je t'établirai sur beaucoup : entre dans la joie de ton maître.** Matthieu 25. 21

**Si quelqu'un sert, qu'il serve comme par la force que Dieu fournit, afin qu'en toutes choses Dieu soit glorifié par Jésus Christ.** 1 Pierre 4. 11

## **Maître, serviteurs et talents**

*Quelques paraboles ; Matthieu 25. 14-30*

*Résumé :* Avant de quitter son pays, un homme appelle trois serviteurs et leur confie ses biens selon leurs compétences. Au premier, il donne cinq talents (une forte somme d'argent), au deuxième, deux, et au troisième, un. Les deux premiers font fructifier les biens du maître et les font doubler de valeur. Mais le troisième enterre le talent. Quand le maître revient, les deux premiers reçoivent la même récompense, alors que le troisième est vivement réprimandé, puis renvoyé.

*Signification :* L'homme qui quitte le pays, c'est le Christ, qui est actuellement au ciel. Il laisse aux hommes des dons, des "talents", qu'il accorde à chacun selon ses capacités. Le retour du maître, c'est le retour du Seigneur.

*Application :* Comment servons-nous le Seigneur ? Il semble qu'il n'y ait que deux manières : soit on connaît réellement le Seigneur et on le sert avec zèle en comptant sur sa grâce et même en courant quelques risques. Soit on n'a pas de véritable relation de foi avec lui, on ne le connaît pas et on ne le sert pas. Dans le premier cas, il y a des résultats ; dans le deuxième, c'est la stérilité.

C'est un privilège de travailler pour le Seigneur. C'est une faveur de mettre à son service : santé, mémoire, intelligence, loisirs, biens matériels... Voulons-nous ressembler à l'esclave "méchant et paresseux", en négligeant les dons du Maître ? Qu'aurons-nous à lui rendre quand il viendra ? Nous dira-t-il : "Entre dans la joie de ton maître" ?